

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Maslah

Nulis mangrupa hiji kaparigelan basa anu digunakeun pikeun komunikasi sacara teu langsung. Nulis hiji kagiatan anu produktif jeung ekspresif. Dina kagiatan nulis ieu, panulis kudu parigel ngamangpaatkeun grafologi, struktur basa, jeung kosa kécap. Kaparigelan nulis teu bisa dicangkem sacara otomatis, tapi kudu ngaliwatan latihan jeung loba prekték. Dina kahirupan moderen ayeuna, jelas yén kaparigelan nulis dibutuhkeun pisan. Nulis mangrupa salasahiji ciri tina jalma atawa bangsa anu *terpelajar*. (Tarigan, 2013. kc. 3).

Kamampuh dina ngedalkeun gagasan sacara tinulis nembongkeun kamampuh mikir saurang jalma lantaran mikir jeung nulis mangrupa dua kagiatan anu teu bisa dipisahkeun. Panalungtikan anu dilakukeun ku Teopilus (Tukan, 1990) nétélakeun yén aya korelasi antara kamampuh nulis jeung kamampuh *berlogika*. Hasil anu kapaluruh Teopilus nunjukeun yén kamampuh *berlogika* anu hadé ogé bisa nunjukeun kamampuh anu hadé. Salian ti éta, Rose (1990:324) nétélakeun yén pangajaran cara mikir bisa dilakukeun ku cara ngagnakeun tulisan. Walker (2005) ogé nétélakeun yén salasahiji stratégi pikeun ngamekarkeun kaparigelan mikir bisa dilakukeun ngaliwatan nulis. (Setiyaningsih, 2008)

Aya sababaraha matéri dina pangajaran nulis di SMA, salasahijina nya éta nulis téks biantara di kelas XI. Tujuanna sangkan siswa parigel dina nulis, hususna nulis téks biantara, siswa dipiharep mampu nulis pikeun ngébréhkeun maksud (idé jeung pikiran sacara produktif jeung ekspresif).

Dumasar kana kompetensi dasar pangajaran biantara di SMA, siswa diperedih bisa maham kana eusi biantara, struktur biantara, gaya basa nu digunakeun dina nulis biantara, merhatikeun karapihan tulisan ogé éjahanna saluyu jeung kaidahna.

Dina prak-prakanna éta udagan téh can bisa kahontal ku siswa, utamana dina kaparigelan nulis téks biantara. Ieu hal dilantaranan ku rupa-rupa bangbaluh anu karandapan dina pangajaran nulis téks biantara. Ku kituna, pangajaran nulis téks biantara dianggap hésé ku siswa.

Hasil analisis lapangan wawancara jeung Guru Basa Sunda di kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung (09 Oktober 2018), kapaluruh masalah anu karandapan ku siswa téh di antarana siswa kurang kritis dina ngébréhkeun idé atawa gagasan sacara tinulis ogé kurang maham kana struktur/adegan dina nyusun téks jeung gaya basa anu rék digunakeunana. Siswa anu heureut pangaweruhna bakal hésé ngébréhkeun naon anu hayang dikedalkeun.

Pikeun ngungkulan masalah di luhur, salaku fasilitator guru kudu bisa manggih solusi pikeun ngungkulan ieu bangbaluh. Salasahiji tarékah anu bisa digunakeun nyaéta ku cara ngagunakeun modél pangajaran, anu dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina matéri pangajaran téks biantara.

Dipilihna modél pangajaran *Complete Sentence*, dipiharep mampuh ngungkulan pasualan nu karandapan ku guru ogé ku siswa. Huda (2017, kc. 313) nétélakeun yén *Complete Sentence* nyaéta wanda modél pangajaran ngagunakeun lembar pancén anu eusi paragrafna can lengkep. Siswa dibéré kasempetan pikeun ngalengkepan kalimah sangkan nyangkem eusi paragraf.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngabuktikeun yén ngaliwatan modél pangajaran *Complete Sentence* bisa ngaronjatkeun kamampuh jeung minat siswa kana pangajaran nulis hususna dina matéri téks biantara nu mangrupa bahan ajar nu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis.

Panalungtikan ngeunaan *Complete Sentence* kungsi dilaksanakeun. Salasahijina dilaksanakeun ku Gusfar Fajar Muchlis taun 2016 kalayan judul “Modél *Complete Sentence* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyarita Siswa dina Matéri Pangajaran Panata Acara (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas XII C6 SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2015/2016). Aya ogé panalungtikan ngeunaan nulis téks biantara kungsi dilaksanakeun ku Yeni Surahmantika taun 2018 kalayan judul “Modél Pangajaran *Group Investigation* Dina Nulis Téks Biantara (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung Taun Ajaran 2017/2018). Bédana jeug panalungtikan Gusfar Fajar ogé Yeni Surahmantika, ieu panalungtikan ngalarapkeun modél *Complete Sentence* kana kamampuh nulis téks biantara. Sumber data panalungtikan ogé béda tingkatan. Gusfar Fajar nalungtik siswa kelas XII SMA Pasundan, Yeni Surahmantika

nalungtik kelas IX A SMP Negeri 29 Bandung, sedengkeun ieu panalungtikan nalungtik siswa kelas XI SMAN 24 Bandung.

Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Modél Pangajaran *Complete Sentence* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Biantara (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung Taun Ajar 2018/2019)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis téks biantara siswa kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung saméméh ngagunakeun model *Complete Sentence*?
- b. Kumaha kamampuh nulis téks biantara siswa kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung sanggeus ngagunakeun model *Complete Sentence*?
- c. Naha aya bédana antara kamampuh nulis téks biantara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun model *Complete Sentence*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta nguji Modél Pangajaran *Complete Sentence* dina matéri pangajaran nulis teks biantara di kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung taun ajaran 2018/2019.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

1. Kamampuh nulis siswa kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung dina matéri pangajaran téks biantara saméméh ngagunakeun modél *Complete Sentence*.
2. Kamampuh nulis siswa kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung dina matéri pangajaran téks biantara sanggeus ngagunakeun modél *Complete Sentence*.
3. Béda anu signifikan kamampuh siswa kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung Taun Ajaran 2018/2019 dina matéri pangajaran téks biantara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Complete Sentence*.

1.4 Manfaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Manfaat Tioritis

Dipiharep guru basa Sunda hususna bisa nambahan pangaweruh dina nangtukeun atawa milih métode pangajaran anu rék dipaké sangkan luyu jeung bahan ajar ogé teu monoton ka siswana pikeun ngahontal tujuan pangajaran. Siswa bisa mikanyaho mangpaat nulis sarta struktur atawa gaya basa anu rék dipake saluyu jeung fungsina. Lian ti éta, sanggeus ngalaksanakeun ieu panalungtikan bisa mikawanoh model pangajaran sarta bahan ajar anu luyu.

1.4.2 Manfaat Praktis

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi référénsi ogé pangdeudeul negunaan modél pangajaran pikeun nepikeun bahan ajar kalayan tujuan pangajarana kahontal ku panalungtik jeung nu séjénna di antarana.

- a. Pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun minat jeung kamampuh siswa dina pangajaran nulis téks biantara.
- b. Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré modél alternatif dina pangajaran nulis téks biantara sangkan prosés diajar leuwih kréatif jeung éféktif.
- c. Pikeun panalungtik, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa méré pangaweruh anu hadé kumaha ngagunakeun modél *Complete Sentence* saméméh jeung sanggeus panalungtikan, jeung bisa jadi salasihiji modél nu bakal dipaké pikeun panalungtik nalika ngajar disakola.

1.5 Raraga Tulisan

Sistematika dina ieu tulisan nyoko kana 5 bab.

Bab I Bubuka, eusina kasang tukang, watesan, jeung rumusan masalah, tujuan, mangpaat, ogé sistematika tulisan.

Bab II Ulikan Teori, raraga mikir, asumsi jeung hipotésis, medar tiori-tiori nu patali jeung variabel dina ieu panalungtikan, eusina nya éta tiori ngeunaan modél pangajaran, tiori ngeunaan biantara, jeung kamampuh nulis téks biantara, medat panalungtikan saméméhna, kumaha kalungguhan tiorina, kumaha raraga mikir jeung hipotesis.

Bab III Modél Panalungtikan, eusina nya éta sumber data, desain, subjek, prosedur, métode, téhnik, instrumvn, jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu eusia mangrupa hasil analisis jeun deskripsi ngeunaan modél pangajaran *Complete Sentence* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara siswa kelas XI IPA 1 SMAN 24 Bandung taun ajaran 2018/2019.

Bab V Kacindekan Hasil Panalungtikan, Implikasi jeung Saran.